

## Kouman pou mwen aplike pou asistans finansye?

### Etap 1: Mande yon fòm aplikasyon

Fòm sa yo disponib gratis lè w vizite [geisinger.org](http://geisinger.org), rele **800-640-4206** oswa chèche nan tablodbò MyChart ou anba "Meni" epi chwazi "Bòdwo". Fòm yo disponib tou nan tout klinik Geisinger ak depatman ijans lopital ak zòn admisyon yo.

### Etap 2: Ranpli epi retounen fòm nan.

Yon fwa ou fin ranpli aplikasyon an, voye li atravè lapòs nan:

Geisinger Uncompensated Care Services  
100 N. Academy Ave.  
Danville, PA 17822-4938

### Etap 3: Nou revize aplikasyon w lan.

N ap revize aplikasyon w lan pou w detèmine si w kalifye pou asistans selon direktiv ki endike nan bwochi sa a. Nou pral pran an kont kèlkeswa sityasyon espesyal ou ta ka ladan.

### Etap 4: Ou resevwa yon desizyon.


Ou pral resevwa yon desizyon alekri san pèdi tan, anjeneral nan 30 jou apre w aplike. Si yo refize w asistans, n ap eksplike poukisa. Desizyon an pral eksplike tou kijan pou mete sou pye yon plan peman.

*Tout aplikasyon pou asistans finansye yo konfidansyèl. Enfòmasyon yo pataje sèlman ak moun ki detèmine kalifikasyon ou.*

*Fòm asistans finansye yo disponib an Anglè, Chinwa, Gujarati, Kreyòl Ayisyen, Nepali ak Panyòl.*

# Asistans finansye

Nou kapab ede!



# Geisinger

## Angaje nan swen

Lè w bezwen swen sante ki nesèsè sou plan medikal, ou ta dwe genyen li - kèlkeswa kapasite w pou peye. Bwochi sa a eksplike politik asistans finansyè Geisinger ak fason pou kalifye epi aplike pou èd.

## Politik asistans finansyè nou an

- Sikonstans finansyè ou p ap afekte swen ou resevwa a. Yo trete tout moun ak respè ak jistis.
- Asistans disponib pou swen medikalman nesèsè. Ou ka aplike nenpòt ki lè — anvan, pandan oswa apre swen ou.
- Si ou pa gen asirans sante oswa benefis asirans limite ak/oswa resous finansyè limite, ou ka kalifye pou asistans. Pasyan ki pa gen asirans yo oblije aplike pou Asistans Medikal Pennsylvania.
- Apwobasyon asistans finansyè detèmine atravè direktiv politik Geisinger yo, ki eksplike nan bwochi sa a.
- Plan ranbousman yo disponib si balans ou se \$100.00 oswa plis.
- Si ou pa kalifye pou asistans finansyè men ou kwè ou gen yon sikonstans espesyal, ou ka mande yon konseye finansyè Geisinger pou revizyon ka a.
- Ou dwe bay nou tout enfòmasyon ki nesèsè pou w aplike pou lòt sous finansman ki ka disponib pou ou, tankou Asistans Medikal, asirans Medicare pou moun andikape (Medicare Disability), oswa lòt pwogram federal oswa pwogram leta.
- Ou responsab finansyèman pou swen sante ou ak pou aplike pou asistans finansyè. Geisinger pral fè materyèl aplikasyon fasil disponib. Pou mande yon aplikasyon, vizite [geisinger.org](https://www.geisinger.org), rele **800-640-4206** oswa gade nan tablobdò MyChart ou anba "Menu" (Meni) epi chwazi "Billing" (Faktirasyon).

## Èske ou kalifye pou asistans finansyè?

Elijiblite pou asistans finansyè baze sou direktiv povrete gouvènman federal yo, yo mete ajou chak ane.

- Ou ka kalifye pou asistans si revni kay ou a se 300% oswa mwens nan direktiv povrete federal aktyèl yo.
- Itilize tablo ki anba a pou detèmine si gwosè ak revni kay ou mwens pase 300% nivo povrete federal la.

Kantite moun ki nan kay la	300% nan federal nivo povrete
1	\$ 47,880
2	\$ 64,920
3	\$ 81,960
4	\$ 99,000
5	\$ 116,040
6	\$ 133,080
7	\$ 150,120
8	\$ 167,160
<b>Pou chak moun anplis, ajoute:</b>	<b>\$ 5,680</b>

- Detèminasyon final la baze sou yon evalyasyon revni, enfòmasyon yo bay sou aplikasyon an ak byen yo konpare ak responsablite pasyan an. Si yo jije w elijib nan kad pwogram asistans finansyè Geisinger a, w ap resevwa yon rabè 100% sou frè ki nesèsè medikalman.

## Eksklizyon

Pandan ke Pwogram Asistans Finansyè Geisinger a kouvri pifò sèvis yo, gen kèk eksklizyon, tankou, men se pa sa sèlman:

- Sèvis kosmetik
- Sèvis repwodiktif ochwa
- Sèvis ki gen rapò ak transplantasyon
- Sèvis ki gen rapò ak baryatrik
- Swen dantè oswa rekonstriksyon dantè kosmetik
- Depans soti nan pòch ki rezilta nan plan asirans ki pa patisipe nan rezo Geisinger a

Pou kontakte yon konseye finansyè, rele **800-640-4206**

